Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2023 соналъул 21 июль Рузман №29 (7790) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш (12 +)

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**ТIехь - лъаялъул аслу**

## Гъоркьгъакври тIехьалъе мемориал рагьана

**Гьудул-гьалмагъзаби рекIкIал жал руго**
**РикIкIине гIемерал ратизе дагьал,**
**Рес рекъараб къоялъ чвахун рачIунел,**
**Чванта багьарабго, мигьлъун тIагIунел.**

**Дуца гьудуллъун ккве квер гIатIидаб тIехь,**
**Кида бокьаниги дуй пайда кьолеб.**
**Гьалмагълъун ккве дуца литература,**
**Мун хисарданиги, цо хIал ккун чIолеб.**

**ЦIадаса ХIамзат**



Гьал къояз жамгIияв хIаракатчи, тохтур-ортопед МухIамад ГIабдулхабировас жиндирго гIагараб Гъоркьгъакври росулъ, кидаго гIадин, исанаги ракIарана рохалилаб тадбиралде росуцоял ва гьудул-гьалмагъзаби. Гьелъие сабаблъун ккана «ТIехь -лъаялъул аслу» абураб ахIиялда гъоркь росдал школалъул азбаралда тIехьалъе бараб мемориал рагьиялъул рохалилаб тадбир.

Гьакварисезда байрам баркизе гьенире рачIун рукIана районалъул бетIер Шамил ГIумаров, Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов, СагIудиязул ГIарабиялда гIемерал соназ Россиялъул генералияв консуллъун хIалтIарав, жамгIияв хIаракатчи Багьавудин ГIалиев, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, меценат АхIмад ГъазимухIамадов.

Данделъи рагьулаго, гIуцIарухъан МухIамад ГIабдулхабировас бицана тIехьалъе мемориал базе пикру бижиялъул, гьелъие кумек гьабурал спонсоразул, жакъасеб къоялъ тIахьал цIалиялда сверухъ лъугьун бугеб ахIвал -хIалалъул, гIун бачIунеб гIел гьелде куцазе ккеялъул.

-ТIехь ккола наслабаз наслабазухъе кьун нилъее тараб рухIияб ирс, гьелъ чIагояб сипаталдалъун цебе чIезабула ва бихьизабула лъаялъул гуч, букIинеселде нух бихьизабизе бугеб бажари,-ян абуна гьес.

Гьес гIун бачIунеб гIел ахIана тIехьалъулгун гьудуллъи ккезе, мугIалимзабазул пикру буссинабуна гьеб рахъалъ цIалдохъабазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIуде кIвар кьезе.

КIалъазе рахъарал Шамил ГIумаровас, ГIабдурахIман Камиловас, Багьавудин ГIалиевас, МухIамад НурмухIамадовас, ХIалимат АхIмадовалъ, ТIагьир АхIмадовас, мемориал барав мастер МухIамад ГIашикъовас ва Рашид АхIмадовас, лъикIаб къимат кьуна МухIамад ГIабдулхабировасул хIаракатчилъиялъе, гьесул бажариялъе ва жигарчилъиялъе, бицана гIун бачIунеб гIел куцаялъе гьесул жамгIиял ишазул кIвараалъул.

ТIехь лъаялъул аслу букIин бихьизабурал кIалъаял гьаруна росдал школалъул цIалдохъабаз ва байбихьул классазул мугIалим Пайнусат МухIамадовалъ.

ПатIимат МухIамадовалъул гьеб къоялъ букIараб юбилеялъул хIурматалда МухIамад ГIабдулхабировас гьелъие сайгъат гьабуна кIаз.

Тадбиралъул ахиралда мемориал рагьиялъул гIуцIарухъабаз сайгъатаздалъун кIодо гьаруна тIаде рачIарал гьалбал, гIуцIана тадбиралъул гIахьалчагIазе гьарзаяб къаде-кванил тепси.

Тадбир ана берцинго, аваданго, тIадегIанаб даражаялда.

**ГIубайдула Малачдибиров**

**ТIоцересезул багъа-бачари**

# ГIолилазул багъа-бачари

ГIолилазе тарбия кьеялъе ва гьезие паракъатаб гIуж гIуцIиялъе гIоло араб соналъ Россиялда гIуцIана «ГIолилазул багъа-бачари» абураб гIуцIи. Гьеб багъа-бачари хIалтIулеб буго улкаялъул киналго регионазда.

Ахираб заманалда жигараб хIалтIи гьабулеб буго «ТIоцересезул багъа-бачариялъ» нилъер районалдаги. Араб анкьалъ Агъвали гимназиялда цебе рагьараб риидалил лагералда хIухьбахъулел лъималгун ГИБДДялъул инспектор бал.

Гьединго гьес лъималазда гьоркьоб тIобитIана нухазда хьвадиялъул низам лъаялда хурхун викторинаги.

* * *

Гьединго «ТIоцересезул багъа-бачариялъ» ТIадгьаквари росулъ тIобитIана хьизаналъул, рокьул ва ритIухълъиялъул кьо - 8 июль кIодо гьабунги дандельи.




ГIабдурахIман ГIабдурахIмановас тIобитIана цIакъ пайдаяб дандчIвай.

Гьес лъималазе бицана жиндирго хIалтIул, нухазда хьвадиялъул низам хвезабурал тамихIалде цIаялъул, гьелъул хIасилалда кколел авариябазул, сакъатлъиялде кколел гIадамазул ва гIадамал хвеялъул чанги хIужабиги рехсана. Гьединго инспекторас лъималазе гьаруна насихIатал, ахIана гьел эбел-инсул ва учительзабазул малъахъваязухъ гIенеккизе, кьуна гьезул суалазе жавабал.

Рохьил расалъиялда гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда ракIрагьарал гара-чIвариял гьаруна улбуз ясалгун, гьаруна гьезие малъа-хъваял, ахIана гьел хьизаналъул хазинаби цIуниялде, гIун бачIунеб гIел куцаялде.

КьоялЪ ихтилат-кепалда ракIгъун рукIана улбул ва ясал.

**ТIавус ЯхIяева**

**Трудоустройство**

# К сведению безработных граждан и граждан, ищущих работу

Министерство труда и социального развития Республики Дагестан на базе акционерного общества «Аист» в городе Кизилюрте развернута работа по восстановлению, модернизации и техническому перевооружению завода крупнопанельного домостроения. Минтруд РД поддерживает идею создания индустриально-строительного объекта и намерено принять участие в разработке мер экономической заинтересованности в обеспечении специалистами данного производства.

В этой связи Минтруд РД информирует о возможности трудоустроиться на домостроительном комбинате АО «Аист» (г. Кизилюрт) по строительным и иным специальностям.

Имеются вакансии:

-формовщик железобетонных изделий и конструкций - 24 чел.,

-стропальщик- 8 чел.,

-слесарь - 7 чел.,

-сварщик - 10 чел.,

-оператор электрических сетей и электрооборудования- 2 чел.,

-оператор - машинист котельной - 4 чел.,

-оператор насосной станции - 2 чел.,

-оператор (по оконным блокам) - 5 чел.,

-оператор (по бетоносмесительным установкам) - 2 чел.,

-электромонтер - 2 чел.,

-лаборант - 6 чел.,

-токарь - 2 чел.,

-арматурщик - 3 чел.,

-машинист мостового крана - 8 чел.,

-машинист башенного крана - 1 чел.,

-машинист козлового крана - 6 чел.,

-технический контролер - 2 чел.,

-столяр - 2 чел.,

-водитель - 7 чел.,

-сантехник - 2 чел.

Заработная плата - от 20 000 тыс. рублей и выше (в зависимости от уровня квалификации). Для желающих бесплатно получить квалифицированную помощь от опытного наставника (пройти стажировку или производственную практику на месте) имеются опытные ветераны по всем специальностям.

Работникам после прохождения аттестации предоставляется жилье (общежитие) и спецодежда.

Будет практиковаться система обеспечения квартирами по цене себестоимости отличившихся на производстве работников.

Контактное лицо - председатель Совета директоров АО «Аист»: Абдулаев Омар Тинамагомедович, тел. +7(964) 021-71-55, или обратиться в Центр занятости населения по месту проживания.

**Хаят Дибирова**

**Социалияб хъулухъ**

# Афгъаналъулазе-гIарцулаб кумек



20 июлалда районалда бугеб социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул управлениялда, афгъаназул тунка-хIусиязул гIахьалчи КIванадаса ГIали Халиловасе кьуна мина босизе кумекалъе гIарац биччараб свидетельство.

Дандельиялда гIахьаллъарав райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас рагъул ветеранасда рохалилаб лъугьа-бахьин баркулаго, кIвар буссинабуна хIажатаб заманалда ВатIаналъул ихтиярал ва гIорхьаби цIунулаго интернационалияб налъи тIубазабурабльи афгъаналъул ветераназ.

Жиндирго рахъалъан ГIали Халиловас баркала загьир гьабуна районалъул социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул управлениялъул нухмалъиялъе рагъул ветераназдехун бугеб бербалагьиялъухъ.

**Арслан МухIамадов**

**Дин ва гIумру**

# ТIармил макъназ сах гьавурав

Цере хIежалде лъелго унел рукIун руго дагъистаниял хIеж борхизе. Гьенире унаго, нухда сордо базе кколеб букIун буго бакI-бакIазда. Гьенире цадахъ унеб кьокъаяб вукIарав дир кIудадал гьоболас бицараб гIажаибаб лъугьа-бахьин бокьун буго босизе.

ХIухьбахьизе чIарал гьаз хIукму гьабун буго кьо рукIкIунеб букIинги хIисабалде босун, сордо базе бакI балагьизе. Гьал рикь - рикьун, батIи - батIиял гIадамазухъе сордо базе ине ккун руго.

Цадахъ вукIарав гIемер гаргадулев, дагьаб гIанчIлъи чорхолъ бессарав гIадав гIолохьанчи витIун вуго гьаз басриябго гIадаб минаги бихьизабун, сордо базе.

Саламги кьун жаниве лъугьарав гьасие, салам нахъбусинабулев чиго ватун гьечIо азбар - кьоноялда. Гьавугьин рокъове жаниве лъугьарав гьасда язихъабго ищарав рукъалъул бокIниль бугеб мангиялда тIад, хьарщи кинигин вегарав хIалакъав, гIемер кIудияб гуреб ригьалъул чиги, мангиялда тIадехун къадада, бицатаб хIурул гьатги тIад бессараб тIамурги рихьун руго. Рукъалъул хважаинас къаркъалацин щуризабун гьечIо, гьас нахъойги салам кьедал.

АскIовегIанги вильъун, гьас вегарасда жинца салам кьуниги, жаваб кьолареб кинин, мун гьобол вокьуларев чийищ, яги нужер гьанир гьалбал гьадиниш кьабул гьарулел? - ян гьикьун буго

- Гуро, дир вас, дица мун рагьиде жаниве лъугьаравго нахъбусинабуна салам.

- Мун щай вегарав, щиб ккараб? Дида гьабизе кIолеб жо щиб бугеб дуе?

- Щиб дуца гьабилеб дир басриял унтабазе?

-ВахI. Гьаб къадада бараб тIамур дуцайищ хьвалеб букIараб?

-Гуро. Дидаги гьенибго батана. Дида гьелъул макъан кинаб букIунебалиги жеги рагIичIо ва лъаларо.

Гьобол (МухIамад) вукIун вуго цIакъ пандур-хъумузги хьвалев, кечIбакъанги бокьулев чи. Босизе бегьилищан, унтарасухъа изнуги босун, гьас къададасанги бахьун, хIуралдасаги бацIцIун тIамур хьвазе байбихьун буго.

Гьес макъан бачарабго, бетIер гьесдехун буссинабун буго гьаригьун унтарас. Нахъидаб кьоялъги рачун руго гьас тIармида умумузул макъналъ. Дагь-дагькккун унтарав гьасдехун вуссун, гIодовгицин чIун вуго.

МухIамадие заман щун буго жиндирго сапаралъ вахьине. Унтарас абун буго гьесда дуца хIеж гьанибго борханин, мун гьениве ине кколарин, гьенире арал нахъруссинегIан, гьанивго чIаян. Аллагьасул хIукмуялдалъун ва дур кумекалдалъун, 14 соналъ бусада вукIарав дун вахьинавурав дуе, хIеж борхарабгIанги кири бугилан.

Унтарасул гьариги кьабул гьабун, МухIамадица гьенирго тIамун руго хIежалде инеян гьабураб сапаралъул кьоял, кьайицадахъал нахъруссун рачIинегIан.

Ахирал соназ исламияб диналъул гIаркьалаби рикь - рикьун, гIемерлъун руго ва щивас жиндие бокьухъе бицунеб буго как-диналъул ва кIал ккеялъул хабаргун суал.

Бакънахухъ гIенеккизе бегьуларин, хIакъ букIунин гаргалеб буго цо кьавм, амма гьадав чи вихьулищха Аллагьас сабаблъун тIармил макънал ккарав. Дица бицунеб гьечIо гьаниб, гьанже ругел кьватIул бакънахзул ва магIна-гIинго гьечIел, жиделъ сундул хIакъалъулъ ахIулеб бугебали лъаларел кучIдузул.

МагIарул тIармида рачунел бакънал камугеги магIарулазул гьасдаса.

**Рукъият ГIалисултанова**

**Поэзия**

## КечIали щай гурин, щибаб рагIиги

КечIали щай гурин, щибаб рагIиги
МагIарулазул дий хазина буго.
РагIини щайгурин, щибаб жугьаги,
Жавгьар кьунаниги, дица кьеларо.

Бакъгун цадахъ гуро гвангъарал мугIрул:
МагIарул мацI гьечIищ-гьечIо дие дол.
Карачелалъ гуро ралъдал гуч бугеб:
Гьеб гIатIид гьабула гIагарал бакъназ.

Жиндирабго кIочон, чияраб лъарав
Лъай бугев чи гуро, щив вукIаниги.

Хварал мацIал руго чIаго гьарулел,
Нилъеца чIагояб чIвалеб буго гьаб.

ЧIарала хуриса гIадамаз сусур,-
ГIагараб мацIалъулъ гьеб бугебщинаб!
Регъола тохтираз унтарал ругънал,-
Аваразул калам лъукъун бугеб куц!

МахIмудил хIайранаб чвахи киб бугеб.-
Гьанже хIанчIихIорал хIабургъарал куц!
Гьаб авар мацIалъул унтарал гIусал
ЦIакъ гIемерал руго, хирург кив вугев?!

**Расул ХIамзатов**

---

## ТIиндиса Парангиде

### МухIамадов МухIамад ГIабдурахIманович (1889-1980 сонал).

Дур букIинчIеб махшел дида батичIо,
ГьабичIого тараб хIалтIиги лъачIо.
Лъималазда Къуръан малъулевги мун,
Институтал цIалун лъугIичIониги.

ВатIаналде тIаде тушман кIанцIидал,
Рагъда витIейилан гIарза хъварав мун.
Саназухъ балагьун, рагъда витIизе.
Инкар гьабун жаваб бачIараб мехалъ,

Рагъда витIичIелъул, тункIил бакIалда
Газа кодоб ккурав багьадурги мун.
Рагъда аравщинав рагъухъан рикIкIун,
ХIалтIи тIад босизе нигат ккарав мун.

Лъабнусго чиясул хIалтIи гьабилин,
Цеве вахъи гIела багьадурасе.
Багьадураб захIмат хIажатги бихьун,
Сордо- къо лъачIого хIалтIарав инсан.

Хурзал рекьулелъул - векьарухъан мун,
Гьел лъилъизе щведал - лъилъарухъан мун,
Хур беэн гьабизе рак баччулелъул,
ХIамида хъапги лъун, гьеб кьололев мун.

КIвахIги,свакги чорхолъ букIинчIев гьудул,
Гьобо балевги мун, гьабигьанги мун.
КъватIибе нух гьечIеб кьурулъа цIцIани
КъватIире рахъулев бахIарчиги мун.

ГIалахалда кIудав найихъанги мун,
Ахазул бергьарав ахихъанги мун,
ГъутIби лъалъазеян лъим бачулелъул,
Кьуруялда газа рекIулевги мун.

Кьоял ралезда гъорлъ - кIудияв устар.
Ралалщинал кьоял - рикIкIен гIемерал.
Унтаразе дару гьабулевги мун.
Къечарас гьекъезе ицц къачIалев мун.

Лъимго гьечIеб нухда рогIороги лъун,
РогIоро лъел цIезе лъим баччулев мун.
Къечарав нухлулас кIал чIван гьекъезе,
Кьойил бачулаан дуца иццул лъим.

Дун гьитIинав чияс доб рогIриниса
ЧамцIулги гьекъана къеч буссине лъим.
Дун гIадал нухлулал чан гьенир чIарал,
Лъим гьекъон, къеч бусун нухда рахъине?!

Кьурул парсазда гъоркь ахги гIезабун,
ГамачI бикIкIун, лъел рахъ бахъулевги мун.
Лъабго гектаралда гъутIби гIезарун,
Колхозалъе сайгъат гьабуравги мун.

Унтаразе дару гьабизе бокьун,
Даруялъе хурдул ракIарулев мун.
Чанил хIетIе хъвачIеб, кьурулъа вахун,
Кьурул пицIцI росдае гIезабулев мун.

КъваригIел ккаралъув - къадахъанги мун.
ХIинчI рещтIинчIеб кьурулъ къед баравги мун.
Дур нухазда гIемер гIалам хьвадана.
Дур кьоял рахана гIемерал соназ.

Нухал, кьоял разе камураб алат.
Маххул къебелъиялъ чIезе гьабурав.
«Рукъалъул хIалтIи»,-ян чIужу яхъиндал.
МоцIрол харж чIезабун, юцIцIизаюрав.

«ХIалтIул БахIарчи»ян тIокIаб цIаралъе
КIицIул мустахIикъав инсан вуго мун.
ЧIобого халкъалъе дуца гьабураб,
ХIалтIул багьа жакъа борцизеанищ?!

Дур цIаралда бугеб нух рикIкIичIого,
Цо чанго миллиард букIинин ккола.
Меседил шапакъат гIемераз лъуна,
Дуй бриллианталъул хIалаллъилаан.

Дуца рарал кьоял, гьарурал нухал
НугIзал руго гьелъий нижее тарал.
Дуе гьеб гьукъизе, къалам борхарав,
Щайдай гьеб бекичIеб мацIихъанасул?!

Дур каранда гьеб цIва кунчIарабани,
Щиб заралдай гьесий кколеб букIараб?
Дун мун ТIиндисайин веццулев гуро,
БукIараб кагътида босулев вуго.

МацIихъанги ана хабал къаникье
Халкъалъул рахъалъан нагIанаги щун.
Паранг, мунги ана доб дунялалде
Дур лебалаб хIалтIул цIарги гьаниб тун.

Дуе цIва кIваричIо, дир мугIрузул цIум,
ЦIвалъун хутIана мун халкъалъул рекIелъ.
ГIумруялъ наслабаз рехсела дур цIар,
Дур меседил кверaз гьабураб хIалтIухъ.

**МухIамад Коратов,** ТIинди росу

---

## Дир гIагараб ВатIан

Дир гIагараб ВатIан- дир Гьигьалъ росу
Бокьула дие мун дир рухIалдаса.
Дун жанив гьавурав гьитIинаб улка
Инсулаб рокьиялъ бокьула дие.

Анкьнусго цIараки жаниб букIараб,
КIудияб дир, росу мун гьитIинлъана.
Лъималазул ахIи, гьезул расанди
Дагьлъана дир росулъ ахирал соназ.

ГIалимзабаз цIураб гIагараб росу
Бесдалго хутIана, гьелги гьечIого.
Гочана гIадамал гIатIиракьазде
Эркенлъи балагьун, яшав гьабизе.

Риххана минаби, чIунтана росу,
Бер чIваразул ракIал унтулеб хIалалъ.

ГIумруялъ букIараб тIубана аниш
Росулъе чвахана магIардаса лъим.

РакIалде бачIуна цебе замана
Ихтилат-кепалда яшав гьабулеб.
Зурма-кьалиялъул гьаркьил берцинлъи,
Кьурдулел чагIазул хIатIил узданлъи.

БухIулеб ракалъул махIги тIагIана,
Гьелъул бакIалда газги бачIана.
Воре, росдал чагIи, гIолилал васал,
Росу рехун тоге, гьеб кIочон тоге.

**СаидмухIамад Бадрудинов,**
Гьигьалъ росу

**Инсан жиндир бакIалда**

# РекIелъе бахъараб нух

ЧIухIизе бачIуна ракьцоязул цIар киб бугоники рехсолеб рагIидал, хасго лъикIаб рахъалъ гьезул хIакъалъулъ бицунеб бугониха. Лъиеха бокьилареб?! Абила, чIухIизегицин бачIунин гьединаб мехалъилан.



Жакъаялдаса цо анкьго-микьго соналъ цебе больницаялда тохтурасухъе ирга ккун чIарай дида жидерго гIузру-сакъаталъул бицунел харабаздаса бицунеб рагIун букIана Кванхи росулъа гIолохъанав тохтур, эндоваскуляривяв (кьижизавулеб наркоз унтарасе кьечIого, сакъат ккараб бидурихь жанисан сах гьаби; рекIел унтабазул цояб) Асланбек Дубаевасул хIакъалъулъ.

Абулеб букIана гьесул рахъалъ гIемераб лъикIаб хабар: гIолохъанго вугониги, сундулъго мисал бихьизабурав вас вугилан, багIараб дипломалда Воронежалъул мединститутги лъугIизабун, лъикIав студент-ординатор хIисабалда Германиялдецин цIализеги витIун вукIанин, гьенивги лъикIаб рахъалъан живго вихьизавунин, хасаб шапакъаталъецин мустахIикълъанин ва бокьараб пачалихъалда лъикIаздаса лъикIал больницабазда кардиохирурглъун ине рес букIаниги, гIагараб Дагъистаналде бугеб рокьиялъгун гьанибги медицина цебетIезабизе бугеб гьираялъ тIадги вуссун дагъистаниязе хъулухъалъе вахъунчIарав тохтур-геродот вугилан.

Хадурго ракIалде щвана цохIо институталда щвараб лъаялда гIей гьабун чIечIого, мацIалги цIиялд къагIидабиги лъазарулел, жидерго лъай борхиялда тIадги хIалтIулел, гIумрудул аслияб масъалалъунги хIажалъи ккаразе тIоцере хIалае рахъин лъурал тохтурзабазул цIияб гIел абун гьезул хIакъалъулъ дицаго цIалун рукIарал макъалабиги.

Щайха цIидасан ракIалде щварав жакъа жиндир цIар дуниялдалда тIибитIарав Асланбек? Дирго бугеб цо сакъаталъул бициндал, кинацаго цокIкIалго абуна, Дубаевасухъе щай унареян.

Интерненталъул ресурсазул пайдаги босун, балагьана гьесул хIакъалъулъ баян: кигIанха дун заманалдаса нахъхутIун ятарай?! Гьесул хIакъалъулъ хъвачIевги, гьесие баркала загьир гьабичIевги чи гIемер ватичIо: медицинаялъул гIелмабазул доктор, хирург-кардиолог Рашид Пашаевич Аскерхановасул цIар кьураб Дагъистаналъул медицинаялъулаб Централъул рекIел унтабазул отделениялъул заведующий Асланбек Аслудинович, абухъего, зодир кунчIарал цIвабзазулъ бищун канчIал цIвабзазул цояб вукIун вуго.

Ккана къисматалъ дунги гьесухъе гьебго Централде, дагьабго хъвашбашги гьабун, бицана дирго гIузрудул. Дир кагътазул хал-шалги гьабун, Асланбекица абуна дун жиндир унтарай гурин ва гьаруна малъа-хъваял. Гьенибго гьес сайгъат гьабуна «РекIелъе нух» («Путь к сердцу») абураб жиндирго тIехьги. Гьеб цIалидалги, гьесул хIакъалъулъ рахъарал передачаби рихьидалги, хъварал макъалаби цIалидалги ракIалде ккана дир «рекламаялда» хIажалъи бугев чи гьевги гурин, араб соналъги райгазеталда Узданат МухIамадовалъ гьесулгун гьабураб кIудияб гара-чIвариги киназго цIалун батилин, букIаниги, цоясе щунги гьесухъан кумекги щвелин хъулалда гьабун телин гьитIинабго биценилан.

МагIна гъваридаб, Къуръаналъул аятаздасан мисалаздалъун къачIараб гьеб тIехь дица лъабцIулниги цIалана. Бихьулеб буго исламалъул рукнабиги цIунарав, хирияб Къуръаналъ малъухъе хьвада-чIвадиги бугев чи тохтур вукIин. ТIехьалъ нилъ рачунел руго авторасул гIанчIаб лъимерлъиялде, гIумрудулъги хIалтIулъги ккарал чанги захIматал хIалбихьиязулъан мустахIикъаб куцалда къватIиве вачIине нухалгун ресал ратарав, хъвавул къаг1идаялъулъ жиндирго хат1а батарав тохтургун дандч1ваязде.

Инсанасдехун ракIбухIигун гурхIелги, гьесие лъикIлъи гьабиги рекIелъ бессарав, гIелму-лъаялде машгъуллъарав, щибаб лахIзаталъ жиндаго тIад чIун, махщел камил гьабулев чияс гурони додин тIахьал хъвазе рес гьечIин абила дица.

РакIалде рачIана гIакъилал умумузул жиндирго гIумру пайдаяб куцалда тIамурал, лъай-махщелалдалъун жидерго нух кунчIизабурал гIолилал сундулъго церетIуралги рукIунин, гьезул букIинесебги ракIчIараб, канлъиялъ къалъизабураб букIунин абураб калима. Кинаб даражаялъул рагIул устарха вукIине колев инсан, дуца хъвараб асар унтараб рекIееги, свакараб къаркъалаялъеги дару-сабаблъун рекIелъ бессуледухъ хъвазе махщел бугев?! Гьеб буго тIадегIанав Аллагьас гIицIго тIасарищаразе кьолеб пагьму-гьунар - кIалдисанги къалмикьанги бачIараб калима дарулъун хIалтIи.

Чачаназул Кванхи росулъ гьавурав-гIурав вугониги, дирго ракьцояв вугин мунин абуна дица гьесда, нилъер цо мацI букIин гIураб далил бугин. Гьесухъе рачIунезул бералъ бихьулеб букIана дару-сабаб БетIергьанас жидее махщел камилав тохтурасул кумекалдалъун щвелин абураб хьул .

ГIемер халат гьабиларо, гIицIго бокьун буго баркала загьир гьабизе меседил квеpaзул тохтур Асланбек Дубаевасе жиндир ругел чIахIиял цIаразухъ балагьичIого, гIадатияб халкъалъе чванта-чиналъухъ балагьичIого, гIадатго, намус цIунун, гьабулеб хъулухъалъухъ, рагьараб ракIалъухъ, ай, унго-унгоги халкъалъул ракIазулъе батараб ва бахъараб нухалъухъ ва гIумрудулъ жиндирго батараб бакIалъухъ.

**Хадижат Залимханова**

## Распоряжение

### О проведении торгов в форме аукциона по предоставлению в аренду земельного участка с кадастровым номером 05:38:000077:128, находящегося в муниципальной собственности СП «сельсовет Цумадинский»

В соответствии со статьями 39.6,39.11,39.12 Земельного Кодекса Российской Федерации, Устава сельского поселения «сельсовет Цумадинский»

1. Организовать и провести торги в форме аукциона на право заключения договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:38:000077:128, общей площадью 936241.22 кв. м, категория земель - «земли населенных пунктов», разрешенное использование - «Общественное использование объектов капитального строительства», расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с.Цумада-Урух, ул.Садовая, 3, установив начальный размер годовой арендной платы в размере 1,5% от кадастровой стоимости земельного участка в сумме 15 000 (пятнадцать тысяча) рублей 00 копеек. Срок аренды - 49 лет.

2. Торги провести в форме аукциона открытого по составу участников и открытого по форме подачи предложений.

3. Дата и место проведения торгов: 10 ч. 00 м. 07.08.2023г. в здании администрации сельского поселения «сельсовет Цумадинский» по адресу: РД, Цумадинский район, с. Цумада, ул. 70 лет Победы, 11.

4. Утвердить состав комиссии по проведению аукциона

5.Опубликовать извещения о проведении аукциона не менее чем за тридцать дней до дня проведения аукциона в газете «Голос Цумады», на официальном сайте администрации СП «сельсовет Цумадинский».

**Глава АСП «сельсовет Цумадинский»**
**Ш. Гасанов**

## Первая помощь при ожогах

1)Первая помощь пострадавшим от ожогов должна оказываться сразу, уже на месте происшествия и начинается с прекращения действия термического агента и выноса (выведения) пораженного из очага пожара. Никакие манипуляции на ожоговых ранах при этом не проводятся. Нельзя прокалывать и удалять пузыри, отделять приставшие предметы (одежду, битум, брызги металла, пластика и т.д.). Прилипшую одежду нельзя отрывать от обожженной поверхности, лучше ее отрезать вокруг раны.

2)Вызвать скорую медицинскую помощь (112 или 103).

3)Немедленное, не позднее 10-15 минут после травмы, охлаждение обожженной поверхности сокращает время перегревания тканей, препятствуя распространению действия термического агента на глубже лежащие ткани. Охлаждение уменьшает отек и снимает боль, оказывает благоприятное влияние на дальнейшее заживление ожоговых ран, предупреждая углубление повреждения. Охлаждение не должно задерживать транспортировку пострадавшего в стационар.

4) При локальных ожогах до 10% поверхности тела необходимо охлаждение поврежденных участков кожи не менее 15-20 минут путем орошения или погружения их в холодную воду, использования холодных предметов или специальных охлаждающих гелей. Лед использовать нежелательно, лучше охлаждать под душем или под проточной водой, направляя струю на ожоговую поверхность и подбирая температуру воды таким образом, чтобы пациент ощущал местное облегчение. Идеальная температура воды для охлаждения 15 С*. Цель-охладить ожоговую рану, а не пациента. Необходимо уделять особое внимание риску переохлаждения. Поэтому при обширных ожогах охлаждение проводить не рекомендуется.

5)При ожогах горячей смолой, гудроном или асфальтом рекомендуется промывание холодной водой для охлаждения. В дальнейшем с целью их размягчения и удаления используют минеральное масло (например, вазелиновую мазь), растительное или сливочное масло.

6)При химических поражениях кожи необходимо осторожно удалить одежду и порошковые химические вещества с поверхности тела. Чтобы оказывающий помощь сам не получил ожог возможно применение средств защиты (перчатки, защитная одежда, противогаз и т.д.). Нельзя тереть пораженный участок кожи салфетками, смоченными водой. Все, за некоторым исключением химические ожоги следует промыть большим количеством проточной воды не менее 30-40 мин. На этапе первой врачебной помощи при необходимости - дополнительное промывание водой. Антидоты и нейтрализующие жидкости при химических ожогах применять не рекомендуется.

7)Неотложная помощь пострадавшему от электротравмы-быстрое прекра-щение действия электрического тока. Сразу после устранения воздействия тока при наличии у пострадавшего признаков клинической смерти непосредственно на месте происшествия проводятся реанимационные мероприятия. При признаках общей электротравмы показана госпитализация в стационар независимо от объема поражения и состояния пострадавшего. Эвакуировать пострадавших с общей электротравмой следует в лежачем положении, так как возможны нарушения сердечной деятельности. Больные с общей электротравмой без локальных поражений при удовлетворительном состоянии госпитализируются на срок не менее 3 дней. В обязательном порядке у всех пострадавших проводится ЭКГ мониторинг.

Берегите себя и своих близких.

Ваша безопасность - ваша ответственность.

**ОНД и ПР №15**
**по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

## Цумадинская футбольная лига-2023

### Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | * Тинди | 5 | 5 | 0 | 0 | 37-11 | 26 | 15 |
| 2 | Агвали | 5 | 4 | 0 | 1 | 24-18 | 6 | 12 |
| 3 | Гачитли | 5 | 4 | 0 | 1 | 20-14 | 6 | 12 |
| 4 | Кочали | 5 | 3 | 1 | 1 | 27-18 | 9 | 10 |
| 5 | Гигатли-Урух | 5 | 3 | 0 | 2 | 21-16 | 5 | 9 |
| 6 | Тисси | 5 | 3 | 0 | 2 | 21-16 | 5 | 9 |
| 7 | Хуштада-Урух | 5 | 2 | 2 | 1 | 19-16 | 3 | 8 |
| 8 | Кеди | 5 | 2 | 1 | 2 | 26-24 | 2 | 7 |
| 9 | Гадири | 5 | 2 | 0 | 3 | 21-22 | -1 | 6 |
| 10 | Хуштада | 5 | 2 | 0 | 3 | 17-18 | -1 | 6 |
| 11 | Ветераны (Агвали) | 5 | 1 | 0 | 4 | 20-48 | -28 | 3 |
| 12 | Маштихи (Агвали) | 5 | 0 | 2 | 3 | 17-23 | -6 | 2 |
| 13 | Ричаганих | 5 | 0 | 2 | 3 | 19-32 | -13 | 2 |
| 14 | Нижнее Гаквари | 5 | 0 | 0 | 5 | 10-23 | -13 | 0 |

### Результаты 5 тура 15 июль

| | | |
|---|---|---|
| Хуштада | 3 : 2 | Нижнее Гаквари |
| Ветераны (Агвали) | 3 : 8 | Гадири |
| Ричаганих | 3 : 4 | Тисси |
| Кочали | 5 : 3 | Маштихи (Агвали) |
| Хуштада-Урух | 8 : 3 | Агвали |
| Гачитли | 3 : 5 | Гигатли-Урух |
| Тинди | 4 : 2 | Кеди |

### Расписание матчей 6 тура 22 июль

| | | |
|---|---|---|
| Ричаганих | 14:00 | Гачитли |
| Хуштада-Урух | 15:00 | Нижнее Гаквари |
| Ветераны (Агвали) | 16:00 | Гигатли-Урух |
| Гадири | 17:00 | Хуштада |
| Маштихи (Агвали) | 18:00 | Тинди |
| Тисси | 19:00 | Кочали |
| Агвали | 20:00 | Кеди |

## Конкурс

### «2023 соналъул бергьарав»

Районалъул администрациялъ лъазабулеб буго «2023 соналъул бергьарав» абураб конкурс. Гьелъул мурад буго жалго бетIергьанаб магIишат цебетIезаби, районалъул экономика борхи ва лъагIалил магIишаталъул хIасилал рачи. Конкурсалъул хIасилал рачине руго 2024 соналъул 26 маялда районалъул администрациялъул дандельабазул залалда.

Конкурсалда гIахьаллъизе бокьараз заявкаби кьезе ккола гIуцIиялъул комитеталде 2024 соналъул 1 май щвелалде.

Конкурсалъул хIакъалъулъ тIадеги баянал щвезе бокьараз ахIизе бегьула телефоналъ **8 967 396 01 92.**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова Хадижат
МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1240
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru